



Lekòl Piblik Boston
Sispansyon Tanporè
Politik yo pandan
Pandemi KOVID-19 lan

Dr. Brenda Cassellius, Sipèentandan

Politik pou sispansyon tanporè

N ap mande sispansyon tanporè pou politik BPS swivan yo pandan ane skolè 2020-2021 an:

- 1) Politik sou Pwomosyon/Retansyon
Genyen ladan l egzijans prezans ak evalyasyon
- 1) Politik sou Gradyasyon (Remiz Diplòm)
- 2) Klas Travay Avanse

[Sispansyon Tanporè politik yo pou ane skolè 2020-2021](#)

Pwomosyon & Retansyon

Politik Aktyèl

[Politik pwomosyon](#) mete an-è v pa [Sikilè CAO-01 \(2008\)](#)

- Elèv yo monte nan pwochenn nivo klas la an fonksyon de nòt pasaj nan klas ki idantifye yo ak yon nòt pasaj nan evalyasyon ki idantifye yo

Chanjman Kle

- Okenn elèv p ap kenbe
- Elèv ki gen preyokipasyon akademik yo ap resevwa yon Plan Reyisit Pou Elèv pèsonalize
- Aprantisaj sezon ete a te ofri ak elèv ki gen paran yo ki fè demann konsiderasyon konsènan retansyon
- Lekòl sezon ete a, yon titora oubyen lòt aprantisaj adisyonèl rekòmande

Done Apwopriye

- 1.117 elèv te idantifye pou yo kenbe yo ant Jen ak Oktòb 2020, konpare ak 1.984 elèv nan ane presedan.
- Elèv sèks maskilen Nwa ak Latino-Ameriken yo, menm jan ak elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann angle yo, reprezante yon pati dispwopòsyone nan retansyon yo.

Retansyon Elèv soti nan Jen rive nan Oktòb 2020

selon Ras/Etnisite ak Sèks

Ras/Etnisite	Sèks	Pousantaj Retansyon
Azyatik	Sèks Feminen	1,3%
	Sèks Maskilen	2,0%
Nwa	Sèks Feminen	16,3%
	Sèks Maskilen	22,6%
Latino Ameriken/ « Latinx »	Sèks Feminen	19,1%
	Sèks Maskilen	29,5%
Ameriken Endijèn	Sèks Feminen	0,0%
	Sèks Maskilen	0,1%
Lòt gwoup moun	Sèks Feminen	0,5%
	Sèks Maskilen	1,3%
Blan	Sèks Feminen	2,7%
	Sèks Maskilen	4,6%

Prezans

Politik Aktyèl

[Politik pwomosyon](#) (ki enkli egzijans prezans yo) miz-an-è v pa [Sikilè ACA-18](#) (2019)

- Yon elèv dwe prezan nan lekòl pou omwen yon demi-jounen pou yo make yo kòm "prezan" (anviwon 3 èdtan)
- Yon elèv avèk 3+ absans san motive nan yon trimès oubyen 12+ absans non motive pou ane lekòl la ap note "Okenn Kredi" epi refere ak Ekip Sipò Elèv la (« Student Support Team », SST)
- Direktè yo genyen responsabilite final pou amelyore asiduite nan lekòl pa yo epi asire konfòme pèsònèl la.
- Pwofesè yo anrejistre prezans yo chak jou

Chanjman Kle

[Pwotokòl ane skolè 2020-2021 pou Prezans Elèv yo pou Re-ouvèti a](#)

- Nòt sezon ete DESE sou prezans lan te klarifye ke atant yo ak politik prezans nòmal ap aplikab pou ane skolè 2020-2021 an
- Anseyan yo rekòmande pou anrejistre prezans pou elèv a-distans ak an-pèsòn yo chak jou
- Anseyan yo dwe idantifye divès metòd altènatif pou detèmine prezans asenkwòn; nouvèl egzijans tan aprantisaj estriktire DESE ki bezwen yon aprantisaj senkwòn chak jou

Done Apwopriye

- To Prezans Chak jou an mwayen (average daily attendance, ADA) pou ane skolè 2020-2021 an se 90%, ki lejèman enferyè pase ane avan yo
- ADA a soti nan 91.9% rive jiska 92.9% ant 2014-2015 e 2019-2020

Klas	Mway. To Prezans Chak jou
K0	85%
K1	89%
K2	90%
1	92%
2	94%
3	94%
4	94%
5	94%
6	92%
7	92%
8	92%
9	88%
10	84%
11	82%
12	80%
SP	82%

Ras	Mway. To Prezans Chak jou
Azyatik	96%
Nwa	88%
Latino Ameriken	88%
Lòt moun	90%
Blan	95%

Evalyasyon

Politik Aktyèl

[Politik pwomosyon](#) (mete an-è v pa [Sikilè CAO-2](#) (2008))

- Elèv yo dwe pase kèk kritè nan ELA (gramè/literati angle) ak Matematik pou yo pase nan pwochenn nivo klas la epi fè yon mwayèn ki pase
- Elèv ki pa ranpli omwen yon kritè nan nivo klas ki rekòmande yo dwe patisipe nan pwogram sezon ete a
- Elèv nan klas 11yèm ak 12yèm ane ki pa t pase egzamen MCAS yo dwe patisipe nan yon pwogram sezon ete

Chanjman Kle

- Pou SY20-21, y ap atann lekòl yo pou administre yon evalyasyon komen nan ELA ak Matematik nan chak nivo klas omwen de (2) fwa
- Lekòl yo kapab itilize yon evalyasyon soutni pa distri a (MAP Growth, BPS Interims) oubyen chwazi pwòp evalyasyon pa yo

Done Apwopriye

- Lekti MAP Fluency ak MAP Growth: Nan klas jadendanfan K2 jiska 11yèm ane, 23.257 elèv (53%) te patisipe nan 99 lekòl nan fenèt Otòn.
- BPS Interims: 29% nan elèv BPS nan klas 2yèm jiska 11yèm ane te patisipe nan ELA Interim 1 nan 62 lekòl epi 33% nan elèv BPS yo nan klas 2yèm jiska 11yèm ane te patisipe nan Matematik Interim 1 nan 64 lekòl.

Patisipasyon selon Nivo Klas

Klas	MAP Otòn	ELA Pwovizwa	Math Pwovizwa
K2	70%	N/A	N/A
1st	74%	N/A	N/A
2nd	79%	27%	32%
3yèm	73%	41%	46%
4th	76%	48%	54%
5th	73%	51%	53%
6th	69%	39%	46%
7th	44%	32%	34%
8th	42%	30%	31%
9th	18%	7%	13%
10th	13%	11%	12%
11th	9%	9%	15%

Patisipasyon selon Ras

Ras	MAP Otòn	ELA Pwovizwa	Math Pwovizwa
Azyatik	53%	22%	25%
Nwa	50%	31%	33%
Latino Ameriken	50%	30%	34%
Lèt	60%	30%	35%
Blan	60%	26%	32%

Gradyasyon

Politik Aktyèl

[Politik sou Gradyasyon](#) (Miz-an-è v pa Sikilè [Sikilè CAO-01 Circular](#) (2008)); Elèv ki rekòmande pou satisfè Egzijans (CD) Detèminasyon Konpetans Eta Massachusetts yo nan pase egzamen MCAS nan ELA (gramè/literati angle), Matematik, ak Syans


Chanjman Kle

- Nan Prentan 2020, BESE te otorize yon dewogasyon ijans pou egzijans CD yo pou sa elèv yo kapab demontre konpetans yo nan yon matyè teste pa mwayen sètifikasyon distri a pou elèv la acheve yon kou alinye. BESE pral vote 1/26 janvyè pou elaji pwosesis modifiye a pou klas 2021 an.
- Elèv nan 12èm ane yo ki te resevwa yon rezilta "enkonplè" pou 3 sesyon an genyen garanti pou yo patisipe nan aprantisaj a-distans sezon ete a ak pou amelyore mwayèn 3èm sesyon yo a.

Done Apwopriye

- 79% klas tèminal aktyèl la (pwomosyon 2021) te satisfè tout egzijans CD yo
- 14 apèl MCAS te rive soumèt nan jou sa a ane sa a, avèk yon soumision ki te prevwa 50 lòt ankò an fevriye. Apèl adisyonèl yo kapab soumèt an prentan.

Pousantaj klas 2021 ki te satisfè Egzijans Detèminasyon Konpetans yo selon Ras



Klas Travay Avanse (AWC)

Politik Aktyèl

Politik AWC

- Eljibilibite pou AWC (Travay Klas Avanse) detèmine pa nòt elèv yo sou evalyasyon TerraNova, ki ofri nan lotòn nan pou tout elèv 3yèm ane yo. Yo ofri tou pou chwazi kèk dat tès fen semèn nan otòn nan pou elèv 4yèm ak 5yèm ane san premye nòt egzamen TerraNova yo.

Chanjman Kle

- Pandan yon ane sispann politik aktyèl la konsènan egzamen egzije yo pou senk lekòl — Condon, Jackson-Mann, Murphy, Ohrenberger, Quincy
- Direktè lekòl yo ap chwazi 2 opsyon pou deziyasyon AWC klas 4yèm ane yo. P ap genyen okenn nouvo elèv k ap deziyen nan klas 5yèm ak 6yèm ane yo.
 - Tout elèv ki nan klas 4yèm ane ap genyen aksè a ansèyman solid pwogram AWC a, k ap enkli yon Lang Mondyal ak sipò pou pwogram etid la
 - Paran elèv ki enskri nan yon lekòl AWC nan moman sa a kapab chwazi patisipe nan AWC osilontan gen plas disponib ladan l. Si demann yo depase kantite plas ki disponib, lekòl yo va pran desizyon yo parapò a enskripsyon nan pwogram AWC a.
- Lanse yon gwoup travay pou egzaminen rekòmandasyon alontèm yo an konsiderasyon bès demann nan, divès enskripsyon ak divès konsiderasyon ekite

Done Apwopriye

- Kantite elèv ki antre nan AWC nan 4èm ane te bese pa plis ke mwatye pandan sèt ane ki sot pase yo, sot nan 303 nan ane skolè 2014-2015 rive nan 116 nan ane skolè 2020-2021, pami 141 kandida

- Genyen pi piti kantite pase 20 elèv pa ap ki enskri nan AWC ki

Pou ane skolè 2020-2021 an, 453 elèv te resewa envitasyon epi **116 te enskri** nan AWC 4yèm ane. 60% nan envitasyon yo te rive jwenn elèv Blan ak Azyatik yo. 71% elèv enskri yo te Blan ak Azyatik.

Ane skolè 2020-2021
AWC 4yèm ane

